

## Chapit 14

# Premye èdtan yo apre akouchman an

Nan chapit sa a:

<b>Sa pou w fè pou manman an .....</b>	<b>247</b>
Verifye eta fizik manman an.....	247
Lave vajen, vant, ak janm manman an .....	247
Anpeche l senyen anpil .....	248
Gade si vajen manman an chire oswa si l gen lòt pwoblèm .....	248
Ede manman an fè pipi .....	249
<b>Sa pou w fè pou bebe a .....</b>	<b>252</b>
Aparans .....	253
Bebe a kagou, li fèb, li pa reveye, oubyen li pa manje byen.....	253
Eta fizik li: respirasyon, batman kè, tanperati .....	254
Kò bebe a .....	256
Pwa.....	256
Longè .....	259
Tèt .....	259
Zòrèy .....	260
Je .....	260
Nen ak bouch .....	261
Ede manman an manje e bwè.....	250
Veye santiman manman an anvè pitit li a .....	251
Veye si manman an fè enfeksyon .....	251
Ede manman an bay pitit la tete.....	252
Bay fanmi an tan pou yo poukont yo .....	252
Kou.....	262
Lestomak.....	262
Zepòl, ponyèt, ak men.....	262
Vant.....	263
Pati jenital ak twou dèyè.....	263
Ranch ak janm.....	264
Pye.....	265
Do.....	265
Po .....	265
Koulè.....	266
Bebe ki fèt ak defòmasyon.....	266
Vaksen yo bay lè akouchman an.....	267
<b>Fè netwayaj epi reponn kesyon fanmi an genyen yo .....</b>	<b>267</b>

# PREMYE ÈDTAN YO APRE AKOUCHMAN AN



Aprè plasenta a fin soti, kò manman an dwe kòmanse retounen nan nòmal li. Bebe a dwe respire nòmalman, epi li dwe kòmanse kenbe kò l cho.

Fanmsaj la dwe rete pou kèk èdtan apre akouchman an pou asire manman an ak bebe a an sante, epi pou l ankouraje manman an ak bebe a pou yo manje e pou yo repoze.

## Sa pou w fè pou manman an


### Verifye eta fizik manman an

Verifye tanperati manman an, batman kè l, ak tansyon l tanzantan. Fè sa omwen chak inèdtan si li gen nenpòt pwoblèm sante.

### Lave vajen, vant, ak janm manman an

Ede manman an pwòpte kò l apre akouchman an. Chanje dra ki sal yo epi lave kò manman an pou retire kras san.

Lave men w epi mete gan anvan w manyen vajen manman an, menm jan w te fè sa anvan akouchman an (gade paj 53 a 55). Lave vajen manman an byen dousman avèk yon ti sèvyèt ki esterilize epi dlo ki byen pwòp. Si w gen dezenfektan, tankou betadin, mete yon tikras nan dlo a. Pa sèvi ak alkòl oswa nenpòt lòt dezenfektan ki ka pike kò manman an. Ou ka itilize yon tikras savon likid oswa menm sèl si w pa gen dezenfektan.




Lave vajen manman an soti anwo desann. Fè atansyon pou w pa pote okenn salte ki soti nan dèyè manman an monte nan vajen an. Menm yon ti moso pou pou ou pa ka wè ka lakòz enfeksyon.

## Anpeche l senyen anpil

Apre akouchman an, li nòminal pou yon fi pèdi menm kantite san li konn bay lè l gen règ li chak mwa. San sa a dwe sanble ak san ki soti lè l gen règ li, san ki pa fre ki gen koulè fonce oswa yon tijan woz. Pandan matris la ap ratresi oubyen pandan manman an fè mouvman (touse, kanpe) san an jayi sot deyò toupiti.

Men, senyen anpil danjere. Pandan kèk èdtan apre akouchman an, men ki jan pou w verifye si manman an ap senyen anpil:



Manyen pou wè si matris la ap vin di.

- Manyen matris la pou wè si l ap ratresi. Fè sa tousuit apre plasenta a soti. Apre sa, verifye l ankò chak 5 a 10 minit, pandan inèdtan. Apre sa, verifye l chak 15 a 30 minit, pandan 1 a 2 èdtan. Si matris la di, sa vle di l ap ratresi jan l dwe fè sa a. Pa fè l anyen anvan e apre verifikasyon sa yo. Si l mou, gade paj 236 pou wè sa w dwe fè.
- Verfiye kotèks manman an souvan pou wè si l mouye ak twòp san. 500 mililit (anviwon 2 tas) twòp.
- Kontwole batman kè manman an ak tansyon l chak inèdtan. Veye si l pa gen siy ki endike li nan eta chòk (gade paj 239).

## Gade si vajen manman an chire oswa si l gen lòt pwoblèm


Mete gan epi itilize men w pou egzamine si vajen manman an chire, si l gen san kaye, oswa si l gen ematom (senyen pa anndan an). Gade tou pou wè si kòl matris la desann nan plas li.

### *Si vajen an chire*

Si w pa konn ki jan pou w koud dechiri, si pa gen yon sant sante nan zòn nan pou l al koud, oswa si kote ki chire a toupiti, li gendwa refè san l pa koud.

Mande manman an pou l repoze nan kabann li pandan 2 semèn, avèk janm li yo kole ansanm prèske toutan. Li dwe fè mouvman ak janm li tanzantan, men li pa dwe ni moute ni desann mòn oswa mach eskalye. Yon lòt moun dwe fè menaj ak manje pou fanmi an. Pou manman an ka refè pi vit, li dwe byen manje, sitou manje ki bon pou kò a.


Pou aprann ki jan pou w koud yon dechiri, gade paj 356 la.




### *Si manman an gen yon ematom oswa doulè nan vajen l*

Pafwa yon fi senyen anpil men san an rete anba po vajen an; sa rele ematom. Lè konsa po a konn anfle, li gen koulè fonce, li sansib, e li mòl. Pafwa manman an gen tèt vire ak fèblès kòm si l ap senyen twòp, menmsi matris la di e vajen an pa bay anpil san. Doulè nan vajen an se siy ki endike li gen yon ematom.

Se vre ematom se yon bagay ki fè mal anpil, men li pa twò grav sof si l vin gwo anpil. Si ematom nan ap gwosi, peze yon twal gaz esterilize sou plasman kote li ye a pandan 30 minit oswa jiskaske li sispann gwosi. Trete manman an pou chòk si l gen siy ki endike li nan eta chòk (gade paj 239), epi mennen l lopital pou yo ka ouvri ematom nan epi kite san an soti. Si w konnen ki jan pou w fè sa, ouvri l avèk yon jilèt esterilize epi retire san an. Apre sa, peze l avèk yon twal gaz esterilize jiskaske san an rete.



### **Si kòl matris la parèt nan vajen an**



Si w ka wè kòl matris la nan vajen an apre akouchman an, sa vle di matris la tonbe nan vajen an. Pwoblèm sa a pa grav e jeneralman kòl matris la ap retounen anndan manman an apre detwa jou. Petèt w ap ka pouse matris la pi anndan avèk yon men w ki gen gan. Ede manman an leve ranch li yon fason pou yo pi wo pase tèt li. Mande l pou l fè egzèsis sere lache a (gade paj 44) omwen 4 fwa pa jou.

Pandan 2 semèn, verifye manman an byen pou wè si l pa bay siy enfeksyon (gade paj 271 ak 272).

Si kòl matris la rete nan pasaj vajen an pandan yon mwa oswa plis, manman an dwe chèche èd nan men doktè. Si kòl matris la rete konsa, li ka bay pwoblèm lè manman an fè yon lòt pitit.

### **Ede manman an fè pipi**

Lè vesi a plen, li ka fè manman an senyen, ak plizyè lòt pwoblèm ankò. Apre akouchman an, li pwobab pou vesi l plen, men li ka pa santi li bezwen pipi. Mande l pipi nan premye 2 a 3 èdtan apre akouchman an. Si l twò fatige pou l leve mache, li ka akoupi sou yon vaz sou kabann nan oubyen atè a. Osinon, li ka pipi sou yon sèvyèt oubyen twal ki pwès kote li kouche a. Si li pa ka pipi, pou ede l, vide enpe dlo tyèd ki pwòp sou vajen l pandan l ap eseye.



Yon manman dwe eseye fè pipi yon ti tan apre akouchman an.

Si manman an pa ka pipi apre 4 èdtan:

1. Verifye vesi li (gade paj 161). Si l pa plen, ba l bwè plis likid.
2. Gade paj 352 sou fason pou ede yon fi pipi.
3. Si l toujou pa ka pipi, li ka bezwen yon tib katetè (gade paj 352). Si w pa t pran fòmasyon sou fason pou w mete yon tib katetè, chèche èd nan men yon lòt pwofesyonèl lasante.

## Ede manman an manje e bwè

Pifò manman prè pou yo manje tousuit apre yo fin akouche, e li bon lè yo manje nenpòt manje yo vle ki bon pou kò a. Si manman an pa grangou, li dwe bwè yon bagay kanmenm. Ji fwi bon paske li bay enèji. Anpil fi ta renmen bwè yon bagay cho, tankou te fèy. Kèk ji ki gen vitamin C, tankou ji zoranj, ka ede manman an geri. (Men, li dwe evite bwè kola tankou koka, paske bagay sa yo gen anpil sik ak pwodui chimik, men yo pa gen vitamin). Ankouraje l pou l manje tousuit, pandan premye detwa èdtan yo, epi pou l bwè likid detanzantan.



### Si manman an pa ka (oswa pa vle) manje e bwè apre 2 a 3 èdtan

- Petèt manman an malad. Verifye si l ap senyen (gade paj 236), si l fè enfeksyon (gade paj 271), oswa si l gen siy lòt maladi ki ka fè l pèdi apeti.
- Manman an gendwa deprime (tris, an kòlè, oswa endiferan). Ankouraje l pale de santiman l ak bezwen l.
- Manman an gendwa kwè sèten manje pa bon pou manje apre akouchman. Men, fò l manje pou l ka rebran li e pou l ka anmezi pou l pran swen pitit li a.

### Manje apre akouchman

Chak fanmsaj, medsen fèy, manm fanmi, ak doktè ka gen opinyon diferan sou sa medam yo dwe manje pandan yo ansent ak lè yo fin akouche. Enfòmasyon yo bay sou nitrisyon nan liv sa a baze sou sa yo anseye pifò doktè, enfimyè, ak fanmsaj k ap travay nan peyi oksidantal yo. Gen kèk lòt sistèm medikal oswa koutim lokal ki gen lòt opinyon, tankou evite manje ki pike oubyen manje ki “frèt”. Kèk nan opinyon sa yo petèt pa gen twòp valè pou moun nan peyi oksidantal yo, men yo ka bay byenfè kanmenm.



Sepandan, gen kèk koutim ki danjere, tankou evite pwoteyin. Manje yon sèl kalite manje pa sifi, e evite pran kèk lòt kalite manje ka lakòz gwo pwoblèm sante. Apre akouchman, medam yo bezwen manje menm jan oswa plis pase lè yo te ansent. Yo bezwen menm varyete manje yo: manje de baz, fwi ak legim, ak manje ki gen pwoteyin tankou pwa, ze, nwa, vyann, ak lèt. Pale ak manman an epi ak fanmi l sou ki kalite manje li planifye pou l manje apre akouchman an. Konseye l ki jan pou l manje yon bon varyete manje ki bon pou lasante. Gade paj 33 a 42 pou plis enfòmasyon sou nitrisyon.

## Veye santiman manman an anvè pitit li a

### *Manman an dèzenterese ak pitit li a*

Kèk manman konn pa kontan pou nouvo pitit yo fin fè a. Ka gen plizyè rezon pou sa. Manman an gendwa fatige anpil, li ka malad, oubyen l ap senyen. Petèt li pa t vle fè pitit, oswa li ka gen enkyetid paske li pap ka okipe l. Li ka souffri depresyon.



### Sa pou w fè

- Verifye si manman an ap senyen oubyen si l gen enfeksyon.
- Petèt w ap vle pale avè l sou santiman l. Konsa tou, ou ka wè l pi bon pou w kite l trankil, epi w ap suiv.
- Si manman an deprime, oubyen si w konnen li te deprime anpil apre yon akouchman li te fè anvan, mande fanmi an pou yo ba l plis atansyon ak sipò nan semèn k ap vini yo. Jeneralman depresyon konsa konn pase avèk letan, men li ka pran kèk semèn oubyen menm kèk mwa.
- Asire w gen yon moun nan fanmi an k ap pran swen bebe a.



## Veye si manman an fè enfeksyon

Apre yon manman fèk fin akouche, tanperati l konn yon tikras pi wo pase nòmal, sitou si gen chalè.

Men, manman an ka gen yon enfeksyon si li santi l malad, li gen lafyèv, batman kè l rapid, oswa li santi doulè lè yo manyen matris li. Li pi fasil pou l fè enfeksyon si l te pase likid bonè nan tranche a, si tranche a te long, oubyen si l te fatige depase pandan tranche a.

### Sa pou w fè

1. Gade si l dezydrate (gade paj 159).
2. Ba l anpil dlo ak lòt likid pou l bwè.

Si l toujou gen fyèv, li ka gen yon enfeksyon. Gade paj 271.

## Ede manman an bay pitit la tete

Lè manman an bay tete, li bon ni pou li ni pou bebe a. Si manman an pa kwè li vle bay pitit la tete, mande l pou l eseye pandan kèk semèn oswa kèk mwa sèlman. Menmsi li bay pitit la tete pandan yon ti tan sèlman, li pi bon pase si l pa bay ditou.

Asire w manman an konprann si li bay pitit la tete:

- Matris li a ap tounen nan gwo sè nòminal li pi vit.
- Pitit la pap gen dyare oubyen lòt maladi fasil.
- Manman an ap gen plis lajan pou fanmi an. (Li koute pi chè pou bay pitit la bibwon.)

*Mwen tèlman kontan!*

Gade Chapit 16 pou w jwenn plis enfòmasyon sou bay timoun tete.



Gade paj 293 konsènan ki jan pou ede yon manman ki gen VIH/SIDA bay pitit li tete san danje.

## Bay fanmi an tan pou yo poukont yo

Si manman an ak tout pitit la an sante, kite yo pase yon ti tan poukont yo. Paran ki fèk gen pitit bezwen pase tan ansanm. Petèt yo bezwen poukont yo pou yo pale, ri, krye, oswa fete.

## Sa pou w fè pou bebe a

Apre akouchman an, lè manman an ak pitit la byen reprann yo, petèt apre inèdtan, verifye tout kò pitit la depi nan tèt rive nan zòtèy. Ou ka evite anpil pwoblèm sante si w wè yo bonè.

Lave men w, menm jan w te fè lè akouchman an, epi mete gan pwòp. Yon bebe ki fèk fèt ka trape enfeksyon fasil. Poutèt sa, tout bagay ki touche bebe a dwe byen pwòp. Men, ou pa oblije benyen l tousuit. Benyen l ap fè l santi fredy, menmsi w chofe dlo a. Pa gen pwoblèm si w tann kèk èdtan oubyen menm kèk jou anvan w benyen l. Mete gan jiskaske kò bebe a pwòp e sèch pou w ka pwoteje tèt ou kont enfeksyon.

Pandan w ap egzamine pitit la, ede l rete cho. Kouvri ni tèt li ni pati ou pap egzamine pou lemoman yo. Si sa posib, ou dwe chofe chanm nan. Trete bebe a ak anpil dousè. Tibebe yo gen menm sansasyon ak adilt. Lè w pran swen yo byen sa fè yo santi yo fò e an sekirite.

Bagay ki pi enpòtan pou w verifye nan yon bebe ki fèk fèt se aparans li ak eta fizik li a. Verifye bagay sa yo tousuit apre akouchman an. Lòt pati nan egzamen bebe a ka tann kèk èdtan.

Si w kapab, ekri enfòmasyon w jwenn yo nan yon dosye. Yon dosye ap ede w sonje chak etap, epi l ap ede w remake chanjman ki ka vin genyen avèk letan. Pa egzanz, men yon dosye ou ka itilize:

Non manman an		Non pitit la				
Eta fizik	1 <sup>ye</sup> è	2 <sup>yèm</sup> è	3 <sup>yèm</sup> è	4 <sup>yèm</sup> è	5 <sup>yèm</sup> è	6 <sup>yèm</sup> è
Aparans						
Respirasyon						
Batman kè						
Tanperati						
Pwa ak longè			Zèpòl, ponyèt, ak men			
Tèt (zo tèt)			Vant			
Zòrèy			Pati jenital			
Je			Ranch			
Nen ak bouch			Janm ak pye			
Kou			Do			
Lestomak			Po			

## APARANS

Ou ka aprann anpil bagay de sante yon bebe lè w byen gade l e w byen koute l. Prete atansyon ak tout bagay! Èske l gwo oswa li piti? Èske l gra oswa li mèg? Èske ponyèt li yo, janm li yo, pye l, men l, kò l, ak tèt li gen yon gwoès nòmal? Èske bebe a kenbe kò l rèd oswa èske l rilaks? Èske l ap fè mouvman oswa li ret trankil? Koute l lè l ap kriye. Tout bebe pa kriye menm jan an, men si l bay yon rèl ki dwòl, ki wo, e ki pike, sa ka endike li malad.

## Pitit la kagou, li fèb, li pa reveye, oubyen li pa manje byen

Anpil bebe dòmi anpil nan kèk premye jou apre yo fin fèt yo. Yo dwe leve tanzantan pou yo tete. Lè bebe a pap dòmi, li dwe reyaji lè l tande bri oswa si yon moun touche l. Si l pa reyaji, oswa si l sanble li twò fèb, twò lan, oswa kagou pandan premye kèk èdtan apre li fin fèt, li ka gen youn nan pwoblèm sa yo:

- Difikilte pou l respire (gade paj 254)
- Enfeksyon (gade paj 277)
- L ap dòmi poutèt medikaman oubyen remèd fèy yo te bay manman an pandan tranche a
- Li pa gen ase sik nan san l (gade paj 254)





### ***Pa gen ase sik nan san l***

Si yon bebe fèb anpil, li ka bezwen plis sik nan san l, sitou si l gwo anpil oubyen li piti anpil, si akouchman an te difisil oubyen twò long, oswa si manman an fè dyabèt (gade paj 115). Sa ka lakòz bebe a toujou santi frede epi l ap tranble.

**Se pou manman an bay bebe a tete otank li kapab.** Gen sik nan lèt manman an.

Kenbe bebe a cho epi kole ak manman l. Si li pa reveye plis apre 12 èdtan, li toujou kagou, **chèche èd nan men doktè.**

## **ETA FIZIK LI: RESPIRASYON, BATMAN KÈ, TANPERATI**

Verifye siy fizik bebe yo chak inèdtan pandan premye 2 a 6 èdtan apre l fin fèt, oswa pi souvan si l gen yon pwoblèm.

### **Vitès respirasyon**

Gade vant bebe a k ap monte desann pou w ka konte konbyen fwa li respire nan yon minit. Li nòmal pou respirasyon l ralanti e akselere detanzantan. Yon bebe ki fèk fèt dwe respire ant 30 ak 60 fwa pa minit lè l ap repoze.

Yon bebe ki respire twò vit, twò dousman, oswa ak difikilte ka gen pwoblèm pou l jwenn ase lè, oubyen li ka gen lòt kalite pwoblèm.

### ***Bebe a gen pwoblèm respirasyon, oswa li pran plis pase 60 souf pa minit***

Si yon bebe gen pwoblèm respirasyon, oswa si l respire plis pase 60 fwa pa minit, se yon move siy. Petèt sa vle di li gen yon enfeksyon, li te rale pou pou l antre nan nen l, li gen medikaman oubyen dwòg nan san l ki soti nan manman an, oswa li gen yon lòt pwoblèm kèlkonk.

### **Sa pou w fè**

- Kenbe bebe a cho.
- Verifye si l gen siy enfeksyon (gade paj 277).
- Mete l kouche ak tèt li pi ba pase dèyè l, yon fason pou pèmèt likid ki anndan l koule soti. Itilize yon aspiratè (gade paj 213), sitou si w panse te gen pou pou ki te antre nan nen l oubyen gòj li.
- Fè bebe a tete.
- Si bebe a sispann respire, fè respirasyon atifisyèl pou li (gade paj 242).
- Chèche èd nan men doktè.




## Batman kè

Lè yon bebe fèk fèt, kè l dwe bat ant 120 a 160 fwa pa minit. Li ka menm bat 100 fwa pa minit, jiska 180 fwa pa minit.

Si kè bebe a bat twò vit, li ka gen yon enfeksyon (gade paj 256).


Si kè l bat twò dousman, fè respirasyon atifisyèl pou li (gade paj 242). Si kè a pa kòmanse bat nòmal, chèche èd nan men doktè.



## Tanperati

### Kenbe bebe a cho

Pou yon bebe ka ret an sante, li dwe rete cho. Men, li pa fasil pou l kenbe kò l cho menm jan ak adilt. Fason ki pi fasil pou kenbe yon bebe cho se mete l kò ak kò sou manman l. Kò manman an gen egzakteman nivo tanperati ki bon pou bebe a. Kouvri toude ak lèn epi asire w ou kouvri tèt bebe a.




Si manman an pa ka kenbe bebe a pou yon ti tan (pa egzanp, si li pral pipi), yon lòt moun ka kenbe bebe a. Moun sa a dwe byen lave men l anvan l pran bebe a.

### Tanperati ak lasante

Tanperati yon bebe ki an sante dwe anviwon 37° C (98.6° F).

Pou verifiye tanperati bebe a, mete pwent tèmomèt la (pati ki gen koulè ajan an) anba bra li byen dousman. Ansuit, kenbe ponyèt bebe a kole ak kò l pandan 3 minit. Si w pa gen yon tèmomèt, mete men ou dèyè kou bebe a, pandan w ap touche yon moun ki an sante. Si kò bebe a pa cho menm jan ak moun nan, sa vle di tanperati l twò ba.



Si tanperati yon bebe desann nan 36.5°

C (97.7° F) oswa pi ba, nou dwe chofe l tousuit. Pa pèdi tan. L ap vin cho si l kole ak kò manman l, nan mitan 2 tete l yo (gade paj 257), avèk sèlman yon kouchèt ak yon chapo sou bebe a.

Si l toujou pa chofe, sèvi ak boutèy dlo cho. Plen boutèy yo ak dlo cho, vlope yo nan twal pou yo pa boule bebe a, epi mete boutèy yo bò kote kò l.



Si bebe a pa chofe apre 1 a 2 èdtan, li ka bezwen èd yon doktè.

## Enfeksyon

Lè yon bebe fè enfeksyon, souvan tanperati kò l desann rive nan 36.5° C (97.7° F) oswa pi ba. Men kèk lòt siy ki endike li fè enfeksyon:

- Li pa ka ret cho menm lè l vlope ak lèn
- Tanperati l wo (lafyèv), sitou si l rete konsa pandan plis pase 4 èdtan
- Li respire plis pase 60 fwa pa minit
- Li sanble li malad
- Li pa ka tete byen
- Batman kè l fèb e rapid

Si bebe a montre youn nan siy enfeksyon sa yo, chèche èd nan men doktè. Si distans sant sante ki pi pre a plis pase 2 èdtan, pandan w sou wout la, bay bebe a antibyotik. Gade paj 279 konsènan ki kalite e ki kantite medikaman ou dwe ba li.

Si bebe a pa ka cho apre plizyè èdtan, chèche èd doktè, menmsi li pa montre okenn lòt siy enfeksyon.

## Bebe a pa pipi oswa poupou apre 24 èdtan

Bebe a dwe pipi oswa poupou pandan premye jou apre li fin fèt la. Si l pa fè sa, kapab se irèt li oswa entesten l ki bloke. Chèche asistans yon doktè tousuit.

## KÒ BEBE A

### Pwa

Tout bebe pa menm, men pifò bebe ki an sante peze ant 2.5 a 4 kilo (ant 5.5 a 9 liv).

Ou ka gen posibilite jwenn yon balans nan men responsab sante piblik la nan zòn ou an, oubyen w ka achte yon balans tankou sa yo peze pwason avè l la, oswa w ka fè youn tankou sa k nan paj 445.

Men, ou pa bezwen yon balans pou w konnen pwa yon bebe ki nòmal. Chak fwa w kenbe yon bebe, panse ak konbyen li peze.

Devine si bebe sa a peze plis oubyen mwens pase pifò lòt bebe, oswa si l menm avè yo. Konsa, w ap konnen lè yon bebe piti anpil ak lè l gwo anpil, menmsi w pa gen yon balans.



### Bebe ki piti anpil

Bebe ki toupiti ki peze mwens pase 2.5 kilo (5.5 liv) gen plis chans pou yo trape enfeksyon, pou yo gen pwoblèm respirasyon, epi pou yo fè maladi lajonis (gade paj 279). Tank li piti, se tank li pi an danje. Bebe ki piti ka gen pwoblèm pou yo tete e pou yo fè dijesyon. Gen bebe ki piti paske yo te fèt anvan lè, men gen lòt ki senpleman fèt toupiti.



Si gen yon sant sante nan zòn nan ki byen ekipe, li ka pi bon pou w mennen bebe ki piti anpil yo al pran swen ladan l. Men, si w ap bay yon bebe ki piti swen lakay, gen bagay ou ka fè pou w ede l rete an sante.



### Sa pou w fè

1. Kenbe bebe a cho. Pi bon fason pou chofe l se kole kò l ak kò manman l. Avèk sèlman yon kouchèt ak yon chapo sou li, foute l anndan rad manman an, kole ak kò l, nan mitan 2 tete l yo. Manman an dwe kite l kò ak kò konsa lajounen kou lannuit. Manman an ap oblije chanje bebe a pozisyon lè l ap ba l tete. Si manman an bezwen benyen, mete bebe a kole ak kò yon lòt moun jiskaske manman an tounen.
2. Bay bebe a tete. Lèt tete a bon pou tout bebe, men li pi enpòtan toujou pou bebe ki piti anpil. Lèt tete a pi fasil pou bebe a dijere, li pi byen nourri l, epi li pwoteje l kont maladi. Yon bebe ki piti gendwa pa ka manje anpil. Men, lè l rete kole ak kò manman an, sa ap pèmèt li tete pi souvan. Konsa, l ap ka manje ase.  
Si bebe a pa ka pran tete, manman an dwe prije lèt la ak men l (gade paj 285). Manman an ap oblije bay pitit la lèt tete a avèk yon goblè oubyen yon kiyè ki pwòp jiskaske li gen ase fòs pou l pran tete a poukont li. Ba l lèt tete a otank li ka pran l. Fò l manje pou l ka vin pi gwo.
3. Pandan premye semèn yo, vizite bebe a chak jou pou w ka veye si pa gen move siy. Asire w manman an ka rekonèt siy lajonis (gade paj 279), pwoblèm respirasyon (gade paj 241), ak enfeksyon (gade paj 277). Si bebe a montre nenpòt move siy, mennen l kay doktè.



### Sa k lakòz bebe yo piti

Tout bebe pa fèt ak menm gwosè; sa nòmal. Men, bebe ki piti ka gen plis pwoblèm pase bebe ki pi gwo.

Se pa pa aza yon bebe piti oswa l gwo. Jeneralman, manman ki manje ase epi ki jwenn bon swen pandan yo ansent, yo fè pitit ki pi gwo. Manman ki pa t jwenn ase manje ak swen pandan yo ansent, yo fè pitit ki pi piti.

Souvan, se manman sa yo ki fè pitit ki piti:

- Manman ki pa t jwenn ase manje pandan yo ansent.
- Manman ki te oblije travay di anpil pandan yo ansent.
- Manman ki pa t jwenn yon bon varyete manje avèk bonjan swen sante pandan yo ansent.
- Manman ki fimen sigarèt.
- Manman ki te an kontak ak pestisid oswa pwodui chimik toksik pandan yo ansent.
- Manman ki deja fè anpil pitit.



**Note sa:** Lè yon bebe toupiti, sa pa vle di akouchman an ap pi fasil. Anplis, bebe ki piti gen plis pwoblèm sante. Pou akouchman an ka pase pi byen, epi pou pitit la ka an sante, medam yo dwe manje ase.

**Bebe a peze plis pase 4 kilogram (9 liv)**

Siveye tout bebe ki gwo yo avèk atansyon pandan premye 2 jou yo. Si yo sanble yo fatige, yo fèb, oswa yo malad, yo ka pa gen ase sik nan san yo. Gade paj 254 epi chèche èd nan men doktè.

Gen bebe ki fèt gwo paske manman yo te fè dyabèt. Bebe sa yo ka gen pwoblèm ak kantite sik ki nan san yo. Asire w yo tete ase souvan, e yo rete cho.



**Peze bebe a nan yon balans (pèz)**

Si w gen yon balans, ou ka konnen egzakteman konbyen yon bebe peze. (Gade paj 445 konsènan kòman pou w fè yon balans.)


**Si w gen yon balans ki kwoke, suiv etap sa yo:**

1. Mare yon moso twal nan balans lan.
2. Ajiste balans lan pou zegui a rete sou zewo. Si balans lan pa gen yon bouton pou ajiste l, ekri konbyen twal la peze (nimewo kote zegui a rive lè w mare twal la).
3. Mete bebe a toutouni nan twal la pou w ka peze l.
4. Si w te ajiste zegui a sou zewo, kounye a l ap montre w pwa bebe a.

Si pa t gen bouton pou w ajiste balans lan, ou dwe fè yon kalkil pou w retire pwa twal la pou w ka jwenn pwa bebe a.



Mete balans lan sou 0 oubyen pran pwa twal la.



**Si w gen yon balans ki chita atè, suiv etap sa yo:**



1. Monte sou balans lan, pran pwa pa w la, epi ekri l.
2. Desann sou balans lan.
3. Remonte sou balans lan avèk bebe a nan men w. Fò l toutouni, san twal sou li. Ekri konbyen ou menm ak bebe a peze ansanm.
4. Fè yon kalkil pou retire pwa pa w la nan pwa total ou te jwenn pou ou menm ansanm ak bebe a.

**Pa egzanp:**

Bebe a aktout twal la peze	3.25 kilogram
Twal la poukont li peze	- 0.25 kilogram
Sa vle di bebe a peze	→ 3.00 kilogram

**Pa egzanp:**


Ou menm aktout bebe a peze	62 kilogram
Poukont ou, ou peze	- 59 kilogram
Sa vle di bebe a peze	→ 3 kilogram

## Longè

Si w gen yon santimèt, pran mezi bebe a, soti anwo tèt li pou rive anba talon pye l. Pifò bebe mezire ant 45 a 53 santimèt (18 a 21 pous). Bebe ki pi kout oswa pi long ka gen yon pwoblèm.


## Tèt

Si w gen yon santimèt, mezire tèt bebe a, jis anwo zòrèy li yo. Gwosè nòmal tèt yon bebe se 35 santimèt (13 a 14 pous). Ekri gwosè tèt la nan dosye a. Si tèt la pi gwo oubyen pi piti, sa ka vle di bebe a malad oubyen li domaje.



## Fòm tèt, liy kouti, ak fontanèl

Zo tèt timoun ak granmoun solid, men zo tèt yon bebe ki fèk fèt gen 5 pati. Espas ki separe chak pati sa yo rele kouti ("suture") oswa liy kouti. Epi, tèt bebe a gen 2 kote ki pi mou yo rele fontanèl.



Espas sa yo ki nan mitan zo tèt yo pèmèt diferan zo ki konpoze tèt la yo deplase lè akouchman an. Sa pèmèt tèt bebe a vin ratresi pou l ka pase nan vajen manman an.

Pafwa, zo tèt yo oblije monte youn sou lòt pou tèt bebe a ka soti. Yo rele sa panno. Lè tibebe a fèk fèt, tèt li ka soti pwenti oswa tou plat. Jeneralman, tèt la ap pran fòm nòmal li apre 1 a 3 jou. Men diferan fòm tèt ou ka wè



lè yon bebe fèk fèt.

Panno se yon bagay ki nòmal.

Touche liy kouti yo byen dousman ak dwèt ou. Liy

kouti sou devan an dwe rive toupre oswa anwo fontenn nan. Gade si liy kouti yo gen yon gwosè nòmal oswa si yo twò laj. Epi, touche fontanèl yo, kote ki dwe mou. Èske yo mou, oswa èske yo gonfle byen rèd? Pa peze pati mou yo, ou ka fè bebe a mal.

Si liy kouti yo twò laj, si liy kouti sou devan an desann rive nan mitan fwon an, oswa si fontanèl yo rèd oswa yo gonfle, bebe a ka gen idwosefali (dlo nan sèvo). Idwosefali ka lakòz domaj ki bay bebe a pwoblèm nan sèvo, difikilte pou l aprann, oswa lòt gwo pwoblèm. Si pa gen kote ki mou, sa ka bay pwoblèm tou pandan tèt li ap grandi. Nan toude ka yo, chèche konsèy nan men doktè.




Liy kouti ak fontanèl ki nòmal

Sa pa nòmal. Li ka gen idwosefali.



## Kapit ak ematom

Gen bebe ki fèt ak yon anflamasyon nan tèt kote ki te peze sou kòl matris la pandan tranche ak akouchman an. Yo rele anflamasyon sa a kapit. Nòmalman, yon kaput kwaze sou yon liy kouti. L ap disparèt apre 1 ou 2 jou.



Li nòmal:  
kapit la  
kwaze ak liy  
kouti a


Li pa nòmal: se  
yon ematom

Men, si w wè tèt bebe a anfle kote ki pa kwaze ak yon liy kouti, se kapab yon ematom. Sa vle di akouchman an te difisil pou bebe a. Ematom ka bay bebe a lajonis lè li kòmanse refè (gade paj 279). Si w jwenn yon ematom, verifye bebe a chak jou pou wè si l bay siy lajonis, jiskaske ematom nan fin disparèt. Si sa posib, chèche èd nan men doktè.

## Zòrèy

Pou w ka egzamine zòrèy bebe a, gade l toudwat nan figi. Imajine yon liy dwat ki travèse sou 2 je l. Chak zòrèy ta dwe gen yon pati ki rete sou anwo liy sa a.

Si zòrèy bebe a pi ba liy nan oswa si gen youn ki pi wo pase lòt la, bebe a gendwa gen lòt pwoblèm anndan. Si zòrèy bebe a ba, siveye l ak anpil atansyon. Si 2 zòrèy yo anba liy nan, li ka gen pwoblèm nan ren; li dwe wè yon doktè.



Li nòmal pou zòrèy  
yo pi wo pase je yo.

Si zòrèy yo pi pa pase  
je yo sa ka endike gen  
yon pwoblèm.

Pou w ka wè si bebe a tande byen, bat men w tou dousman bò zòrèy li. Pifò bebe ap fè mouvman lè yo tande yon bri. Si bebe a sanble li pa ka tande, fè l wè yon doktè.

## Je

Gade 2 je bebe a. Gade si yo nòmal epi si yo ap fè mouvman ansanm. Se pa yon pwoblèm si w wè yon ti mak san anba kote ki gen koulè blanch nan je a. San sa a ta dwe disparèt nan kèk jou.




Yon ti san nan blan  
je a nòmal.

## Mete remèd nan je bebe a pou l pa avèg



Si yon manman gen enfeksyon klamidya oswa gonore (gade paj 323), li ka bay bebe a maladi a pandan akouchman an. Enfeksyon an ka antre nan je bebe a, epi sa ka rann li avèg. Gen anpil anpil fi ki gen klamidya ak gonore san yo pa konnen. Amwenske manman an te fè egzamen ki di li pa gen maladi sa yo, ou dwe mete remèd nan je bebe a pou l pa avèg.

### Pou anpeche bebe a vin avèg



- Mete yon liy “erythromycin” 0.5% a 1%, nan chak je bebe a, nan 2 premye èdtan apre akouchman an.

#### Oswa

- Mete youn liy remèd je “tetracycline” 1%, nan chak je bebe a, nan 2 premye èdtan apre akouchman an.


#### Oswa

- Mete gout 2.5% “povidone-iodine”, nan chak je bebe a, nan 2 premye èdtan apre akouchman an.

Gen kèk kote yo sèvi ak nitrat dajan (“silver nitrate”) (oswa lòt kalite remèd je ‘ajan’) nan je bebe. Medikaman sa yo anpeche gonore fè bebe a avèg, men yo pa anpeche klamidya fè l avèg. Epitou, nitrat dajan irite je bebe a pou plizyè jou. Si w ka jwenn “erythromycin” oswa “tetracycline” pou je, sèvi avè yo pito. Men, itilize nitrat dajan si se li sèlman w genyen.

### Nen ak bouch

Premyèman, gade si bebe a ka respire nan nen l san pwoblèm. Sinon, eseye itilize aspiratè (gade paj 213).



Apre sa, pase men w sou figi l. Li ta dwe vire figi l sou bò kote men w ye a. Yo rele sa reflèks rasin. Mete yon dwèt ki byen pwòp anndan bouch bebe a. Li dwe souse dwèt ou. Si li pa gen reflèks rasin nan, epi li pa souse dwèt ou, li gendwa fèb oubyen malad. Li dwe wè yon doktè.

### Bebe ki gen po bouch yo fann oswa plafon bouch yo fann

Po bouch fann se lè lèw anwo bouch bebe a gen yon fant oswa yon dekoupe, souvan rive nan nen l. Plafon bouch fann oswa palè bouch fann se lè anwo (palè) bouch bebe a fann pa anndan. Pwoblèm sa yo ka rezoud avèk yon operasyon lè bebe a pi gran. Souvan po bouch fann nan ka repare lè bebe a gen ant 4 a 6 mwa. Yo konn repare plafon bouch fann nan lè bebe a gen 1 an èdmi.



Po bouch fann



Plafon bouch fann

Bebe ki gen po bouch fann oswa plafon bouch fann ka bezwen èd pou yo pran tete. Pou bebe ki gen po bouch fann, pwent tete a dwe antre byen fon nan bouch li pou tete a ka bouche fant lan. Si malgre sa gen yon espas vid ki rete, manman an ka bouche l ak dwèt li.



Pou bebe ki gen plafon bouch fann, tete a dwe antre nan bouch bebe a byen fon, jiskaske li pa ka antre ankò. Mete pwent tete a sou kote fant lan. Lè bebe a ap bwè, li dwe mete tèt li anwo pou lèt ka pa antre nan nen l. Si l pa ka pran tete, manman an mèt tire lèt la ak men l (gade paj 285), epi bay bebe a lèt la ak yon kiyè ki byen pwòp.



Bebe ki gen po bouch fann oswa plafon bouch fann ka gen plis enfeksyon nan zòrèy ak lòt kalite pwoblèm sante pandan y ap grandi. Ou dwe fè manman an konnen sa. Epitou, bebe ki gen po bouch fann ka sanble yon jan dwòl, e gen paran ki santi yo deranje lè yo fèk wè pitit yo a konsa. Li enpòtan pou ou koute jan paran sa yo santi yo, epi w dwe fè yo sonje jan pitit yo a se yon bèl timoun.

## **Kou**

Verifye si kou a anfle ak si l gen boul. Epi, tèt pitit la dwe ka fè mouvman san pwoblèm. Si w wè li gen yon pwoblèm, chèche konsèy nan men doktè.

## **Lestomak**

### ***Respirasyon***

Gade bebe a pandan l ap respire. Si lè l pran souf, li rale po ki bouche espas ant zo kot yo antre, oubyen li rale po ki anba zo kot yo antre, sa vle di li gen yon pwoblèm respirasyon (gade paj 241).


Koute respirasyon l. Itilize yon estetoskòp oubyen yon fetoskòp si w genyen. Sinon, itilize zòrèy w. Ou dwe ka tande son respirasyon an toude bò lestomak pitit la, ni toude bò do li. Si w pa tande son respirasyon toude bò, youn nan poumon l yo gendwa pa fonksyone. Mennen l kay doktè tousuit.

Konte konbyen fwa l respire, lè l poze, li pap tete, li pap kriye. Si l pran plis pase 60 souf pa minit, li ka gen yon efeksyon ki mande asistans medikal. Gade paj 256.

### ***Son kè***

Si w gen yon estetoskòp oswa yon fetoskòp, sèvi avè l pou w ka koute son kè bebe a tou.

Li difisil pou yon moun esplike nan yon liv ki son kè yon moun bay. Si sa posib, li t ap bon pou yon moun aprann ou ki kalite son yon kè ki nòmal dwe bay. Men, ou dwe koute son kè bebe a menmsi w pa gen antrènman. Avèk letan w ap aprann ki son kè ki nòmal yo genyen, epi w ap ka remake ki son ki pa nòmal. Si son an pa nòmal, chèche èd nan men doktè.




## **Zepòl, ponyèt, ak men**

Gade men ak ponyèt bebe a. Èske yo sanble yo nòmal? Èske pitit la fè mouvman avèk yo san pwoblèm?

Pafwa zepòl, zo salyè, oswa ponyèt bebe a kase pandan akouchman an. Manyen yo pou wè si pa gen kèk boul dwòl oswa kèk kote ki kase. Yon bebe ki gen zo kase ka kriye akoz doulè a, konsa tou li ka pa kriye. Jeneralman, domaj ki pa grav ap geri poukont yo, men si sa posib, chèche èd nan men doktè. Vlope yon twal nan ponyèt la yon fason pou l ret kole devan l san l pa bouje, yon fason pou l pa vin pi grav pandan w al chèche swen avè l.

## Vant

Gade vant li. Èske w wè l nòmral? Ki sa k rive po ki toutotou kò lonbrik la lè bebe a kriye? Si bagay ki anndan vant bebe a pouse po kò li deyò, sa vle di mis ki nan vant li yo pa konekte. Yo rele sa èni nan lonbrik. Chèche konsèy nan men doktè.



Aprè sa, manyen vant li. Lè bebe a pap kriye, vant lan dwe mou. Verifye si gen boul, kis (ti sak won ki gen dlo), oswa lòt fòm dwòl anba po a. Si w jwenn kèk bagay ki pa nòmral, chèche konsèy nan men doktè.

**Note sa:** Kòd lonbrik ki fèk fin koupe ka vin enfekte. Pou anpeche enfeksyon, kenbe l pwòp e sèch. Toujou lave men w anvan w manyen lonbrik la, epi pa kouvri l, ni pa mete anyen sou li. Verifye si lonbrik la sispann senyen. Si l kontinye senyen, klanpse l oswa mare l ankò.

## Pati jenital ak twou dèyè


Gade pati jenital bebe a. Pati jenital tout bebe sanble yo anfle lè yo fèk fèt. Si bebe a te fèt nan pozisyon chita, pati jenital li ka pi anfle toujou.

Asire w twou dèyè li se yon twou toutbon, li pa kouvri avèk po. Si bebe a gentan poupou, ou deja konnen pati sa ap fonksyone korèkteman. Si bebe a pa gen twou dèyè, oswa si l bouche, chèche èd yon doktè san pèdi tan.

## Pou tigason

Dabò, gade sak testikil li, ki anba peni l. Yo rele sak sa “skwotòm” nan. Anndan skwotòm nan gen 2 boul ki fèm e ki swa, ki rele testikil. Se yo ki pral fè espèm nan lè l pi gran. Pandan gwosès la, testikil yo fòme anndan vant bebe a, men jeneralman yo desann nan skwotòm nan anvan akouchman an. Ou sipoze ka santi testikil yo lè w touche skwotòm nan epi w sipoze ka deplase yo ak dwèt ou.

Manyen  
testikil yo.



Si w te ka wè  
anndan  
skwotòm  
nan, men ki  
jan w t ap  
wè testikil  
yo.


Si w pa ka jwenn youn oubyen 2 nan testikil yo, mande paran l pou yo verifye ankò nan yon mwa konsa. Si testikil yo poko desann toujou, chèche konsèy nan men doktè.

Aprè sa, verifye si twou ki nan tèt peni a nan plas nòmral li. Si peni a pa sanble li nòmral, chèche konsèy nan men doktè.

## Sikonsizyon gason

Sikonsizyon se yon operasyon pou retire po (prepis) ki sou tèt peni a. Pafwa yo sikonsi tigason kou yo fèt, pafwa se kèk mwa apre. Yo konn tann yo vin jèn gason anvan yo sikonsi yo. Gen gason ki pa sikonsi ditou.

Sikonsizyon se yon bagay ki enpòtan nan anpil kilti ak relijyon. Li pa yon bagay ki enpòtan pou rezon medikal, men petèt li ka bay gason an yon ti pwoteksyon kont maladi moun konn pran nan fè sèks. Pou yon bebe, li ka ede anpeche enfeksyon nan vesi ak ren. Risk sikonsizyon pote yo se enfeksyon, senyen, domaj nan peni, peni a vin mwens sansib, epi doule ak strès pou bebe a. Se sèlman yon moun ki gen bon fòmasyon e ki gen zouti esterilize ki ka sikonsi yon bebe.



Paran ki gen bebe ki pa sikonsi dwe lave peni li menm jan yo fè pou rès kò l. Yo pa dwe rale po a desann peni a pou yo lave anba l jiskaske po a desann fasil, jeneralman apre kèk ane.



Gen tigason ki fèt avèk testikil yo pi wo nan kò yo, olye pou yo anndan sak la. Sa ka pa yon pwoblèm. Men, se yon bagay ou jwenn plis nan tigason ki gen manman yo ki te an kontak ak pwodui chimik toksik.

Si gen anpil tigason nan zòn nan ki gen testikil ki pa desann nan sak yo, kapab gen pwodui chimik toksik nan lè a, nan dlo a, oubyen nan tè a ki lakòz pwoblèm nan tout zòn nan. Se tout kominote a ki pou travay ansanm pou pwoteje tèt yo kont pwodui chimik sa yo.

Lè yo pi gran, lè yo pa timoun ankò, yo dwe egzamine gason ki gen pwoblèm sa a pou wè si yo dwe fè yo yon operasyon ki ka anpeche yo fè kansè nan testikil yo.

## Pou yon tifi

Verifye si pati jenital yon tifi gen toude kalite "lèv" yo: youn sou deyò ak lòt la anndan. Epi li dwe gen yon ti twou ki antre nan vajen l. Si l pa gen yon ti twou, li ka bezwen fè yon operasyon. Li dwe al kay doktè tousuit. Esplike paran yo li nòmal pou tifi gen yon ti kantite san ki soti nan vajen l pandan youn oswa 2 jou apre li fin fèt.



## Ranch ak janm

Premyèman, gade ranch bebe a. Konpare 2 janm yo. Si youn nan ranch yo dejwente, men sa w ka wè sou bò sa a:

- Anwo janm nan kouvri yon pati nan kò l.
- Po li pa gen menm kantite pli ak lòt janm nan.
- Janm nan ka sanble li pi kout, oswa li ka vire sou yon bò.

Kenbe 2 janm yo konsa, avèk jenou yo pliye.



Après, ouvri yo laj konsa:



Si w santi oubyen w tande yon bri ki fè klik, ranch lan dejwente.

Si gen yon "klik" lè w fè mouvman ak ranch bebe a, chèche konsèy nan men doktè.

### Kòman pou ede yon ranch ki dejwente

Paran yo dwe kenbe jenou bebe a byen wo e tou ouvri. Yo ka:

Mete plizyè kouchèt sou li.



Kouche bebe a sou vant avèk janm li tou ouvri.



Yo ka pote bebe a konsa:



Epitou, chèche batman kè bebe a kote janm li kontre ak pati jenital li a. Ou ka bezwen yon moun ki abil montre w. Si yon moun ki abil pa ka jwenn batman kè a, bebe a gendwa pa gen bonjan sikilasyon san nan janm li. Chèche konsèy nan men doktè.

### Pye


Gade pye bebe a. Si youn nan pye yo vire sou anndan epi li pa ka tounen dwat, li gendwa gen pye kounan (kanbre). Anpil fwa, li ka ranje avèk yon aparèy si yo fè sa kèk jou apre akouchman an. Liv ki rele "**Disabled Village Children**" ("**Timoun Vilaj ki Andikape**") gen plis enfòmasyon sou kòman pou w trete pye ki kounan.

Pye kounan



### Do

Vire bebe a sou do epi gade kolòn vètebral li a. Gade si l gen fon, maleng, kis, timè (chè anplis), oswa touf cheve.



Pase men w desann kolòn vètebral bebe a pou w ka santi douk zo yo. Èske w santi gen yon espas ki plat nan kolòn vètebral la? Èske gen twou nan po l anba kolòn nan kote dèyè bebe a kòmanse a?

Si w wè li gen fon, maleng, timè, oswa touf cheve, chèche konsèy nan men doktè.

### Po

Gade po bebe a byen. Gen bebe ki gen mak sou po yo. Pa egzanzp, li ka gen gwo tras nwa anba do l oswa sou dèyè l. Gen lòt bebe ki gen tras wouj nan figi yo. Mak sa yo pa yon pwoblèm. Lòt mak, tankou ti gratèl wouj, kapab se siy enfeksyon. Si w pa sèten, mande yon doktè konsèy.

## Koulè

Bebe a ta dwe pran koulè nòminal li kèk èdtan apre akouchman an.

### Si bebe a rete tou ble

- Si men l ak pye l rete tou ble, men, bebe a cho, sa pa sipoze yon pwoblèm. Gen bebe ki rete ak men ak pye yo tou ble pou youn oubyen 2 jou apre yo fin fèt.



- Si po bouch bebe a oswa figi l rete tou ble inèdtan apre akouchman an, li ka gen yon pwoblèm nan kè l oswa nan poumon l. Li ka bezwen oksijèn. Mete l kò ak kò sou manman l pou l ka rete cho epi ale lopital avè l imedyatman.



### Si bebe a gen koulè jòn

Si bebe a gen koulè jòn mwens pase yon jou ak yon nuit apre li fin fèt, li ka gen lajonis oswa enfeksyon. Gade paj 279 epi chèche èd nan men doktè.

### Si bebe a gen koulè blèm

Yon bebe ki gen koulè blèm epi ki kagou ka fè anemi oswa li ka gen lòt pwoblèm. Chèche èd nan men doktè imedyatman.

### Si bebe a wouj anpil

Yon bebe ki wouj anpil pa vle di li gen pwoblèm pou sa. Kontinye suiv li pou yon semèn pou wè si li bay siy lajonis. Chèche èd nan men doktè rapid si bebe a vin gen koulè jòn, si li kòmanse respire vit, oswa si l gen pwoblèm pou l pran tete.

## Bebe ki fèt ak defòmasyon

Lè w gade yon bebe soti nan tèt rive nan pye, ou gendwa wè siy ki montre li gen yon maladi oswa yon andikap. Oubyen tou, ou ka wè li yon jan diferan parapò ak lòt bebe. Diferans oswa domaj sa yo rele defòmasyon. Gen defòmasyon ki piti, e yo pa danjere, tankou po bouch fann. Men gen lòt defòmasyon ki grav e ki danjere, tankou yon gwo fon nan kolòn vètebral la (li ka gen yon maladi ki rele bentik kolòn vètebral la, oubyen “spina bifida”). Si w wè nenpòt bagay ki pa nòminal, chèche èd nan men doktè.

Si bebe a gen yon defòmasyon, paran yo ka aksepte sa san pwoblèm, konsa tou yo ka pa aksepte l. Gen paran ki panse se movèzespri oubyen lòt moun ki fè pitit la domaje. Gen lòt paran ki tris paske pitit yo a pa jan yo te espere a, oswa paske li pa menm jan ak lòt timoun yo. Yo ka santi yo pap gen ase kouraj pou yo bay timoun ki domaje a tout asistans l ap bezwen. Souvan, paran timoun ki domaje yo bezwen plis soutyen.

Ede paran yo:

1. Jwenn bonjan swen sante pou timoun nan.
2. Aprann konnen ki bezwen espesyal timoun nan genyen.
3. Aprann konnen ki bagay timoun nan ka fè byen. Pa egzanzp, yon timoun ki pa ka mache paske janm li yo pa t fòme byen ka gen anpil fòs nan ponyèt li ak nan men l k ap pèmèt li fè anpil bagay. Menm timoun sa a gendwa entelijan anpil tou, e l ap ka fè gwo bagay ak lespri l.



Gen anpil bon liv ki ekri pou paran ak lòt moun k ap pran swen timoun andikape. Men kèk liv Hesperian Foundation fè: “*Disabled Village Children*” (*Timoun Vilaj ki Andikape*), “*Helping Children Who Are Blind*” (*Ki Jan Pou Ede Timoun Ki Avèg*), ak “*Helping Children Who Are Deaf*” (*Ki Jan Pou Ede Timoun Ki Soud*).

### Sa k lakòz defòmasyon nan bebe?

Gen bebe ki devlope yon fason diferan anndan vant manman yo, men pèsonn pa konnen poukisa. Men, gen anpil defòmasyon yo ka evite. Gen bebe ki fèt ak defòmasyon paske:

- Manman an pa t jwenn ase bonjan manje pandan gwosès la.
- Pandan gwosès la, manman an te gen kontak avèk maladi sa yo: èpès, saranpyon (varisèl), oswa lawoujòl alman.
- Pandan gwosès la, manman an te travay avèk pwodui chimik toksik (tankou pestisid).
- Pandan gwosès la, manman an te pran medikaman ki te danjere.

Nou pa dwe wè kesyon defòmasyon nan bebe kòm yon pwoblèm pou fanmi yo jere poukont yo. Sa ki lakòz yo se bagay ki afekte tout kominote a. Pou anpeche defòmasyon nan pitit, tout moun dwe travay ansanm pou nou pote chanjman pou monn nan ka vin gen plis sekirite pou medam yo ak fanmi yo.

## VAKSEN YO BAY LÈ AKOUCHMAN AN

**Vaksen pou epatit B** Epatit B se yon maladi grav ki lakòz maladi nan fwa ki touye moun (gade paj 336). Yon manman ki enfekte ak epatit B ka pase l bay pitit li pandan akouchman an. Apre sa, maladi a ka pwopaje ankò pa mwayen san ak lòt likid nan kò moun, menm jan ak VIH/SIDA. Vaksen an trèzefikas pou anpeche bebe a pran l. Yo dwe bay premye 3 (pafwa 4) piki yo lè akouchman an pou yo ka pi efikas.

**Vaksen BCG** Gen zòn ki gen anpil ka tibèkilòz (TB) kote tout bebe ki fèk fèt resevwa yon vaksen ki rele BCG yon fason pou yo pa pran yon fòm tibèkilòz ki grav anpil. Gen lòt kote yo bay bebe a vaksen sa a sèlman si manman l fè tibèkilòz. Se pa toutan vaksen BCG a bay bon rezilta; se sa k fè menmsi yon moun te vaksine, li dwe toujou fè atansyon pou l pa ekspozè ak maladi a. Ou pa dwe bay yon pitit vaksen BCG si li gen VIH oubyen si l bay siy li gen yon lòt maladi.



Si w pa bay bebe a vaksen an, ou menm, fè manman an sonje anvan yon mwa li dwe al vaksine bebe a nan sant sante ki pi pre a. Pou w jwenn yon lis tout vaksen timoun bezwen, gade liv *Kote Ki Pa Gen Doktè*, paj 147.

## Fè netwayaj epi reponn kesyon fanmi an genyen yo

Netwaye kote akouchman an te fèt la. Ou dwe retire tout bagay ki gen san, tankou plasenta a, pou yo pa pwopaje mikwòb. Gade paj 67 pou wè kòman pou w jete zouti ak dechè.

Anvan w ale, asire w paran yo jwenn repons pou tout kesyon yo genyen yo.